Ассаламу гIалайкум

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2020 сонаlъул 31 январь Рузман № 7 (7604) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ (12 +)

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Райадминистрациялда**

## РухIиябгун ватIан бокьиялъул тарбия кьей



28 январалда райадминистрациялда тIобитIана иргадулаб данделъи. Гьенир гIахьалъана районалъул бетIерасул заместителал МухIамад ГIисаев, МухIамадрасул Гагиев, ГIабдулмажид ГIалиев, прокурор Иляс Вакилов, районалъул гIолилазул цолъиялъул нухмалъулев Шамил МухIамадов, районалъул имамзабазул Советалъул нухмалъулесул ишал тIуралев ИсмагIил МухIамадов, организациязулгун учреждениязул нухмалъулел, росабазул администрациялъул бутIрул, лъайкьеялъул идарабазул нухмалъулел, диниял идараялъул вакилзаби.

Данделъи бачана МухIамад ГIисаевас.

«ГIун бачIунеб гIелалъе ВатIан бокьиялъул, рухIиябгун диниял тарбия кьеялъулъ лъайкьеялъул ва диниял идарабазда церечIарал масъалаби» абураб суалгун кIалъазе вахъана МухIамадрасул Гагиев.



Гьебго суалалда тIаса кIалъазе вахъарав лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев Муса Гьаруновас жиндирго кIалъай байбихьана «Нилъеца малъичIони, лъицаха малъилеб нилъер лъималазда ВатIан бокьизе»,-ян абурал рагIабаздаса. Гьес бицана нилъер аслияб мурад кватIизегIан течIого, гIун бачIунеб гIелалъе рухIиябгун, ВатIан бокьиялъул тарбия кьей ккеялъул. КигIан бокьичIониги, гьаб заманалда эбел-инсуца лъималазе кьолеб тарбиялдаса магIишатяшавалде кьолеб кIвар цIикIкIун букIин бихьизабуна гьес.

КIалъазе вахъарав ИсмагIил МухIамадовас абуна Муса Гьаруновасул «Нилъеца малъичIони, лъицаха?..» абурал рагIабаз асар гьабиялъул, тIадчIей гьабуна нилъеца кьечIеб тарбия, цогидаз кьеялда ва хIасилги лъикIаб ккунгутIиялда, учителасдаса, директорасдаса байбихьун, дибирасде щвезегIан жавабчилъи букIиналъул лъималазе



тарбия кьеялъул. Гьединго бицана абулебги гьабулебги цо букIине ккеялъул мугIалимасулги умумузулги, гьанжесел лъимал цIодорал рукIиналъул ва кинабго хIисабалде босулеб букIиналъул гьезги.



-Гьединав учителасул къимат букIунаро цIалдохъабазе ва гIинтIамуларо. Лъималазде кIвар кье умумузги лъикIаб малъе, бицаралда гIамал гьабизе тавпикъ кьеги,-ян лъугIизабуна И. МухIамадовас.

КIалъазе вахъарав МухIамад Шамсудиновас бицана патриотизмалъул, напсияб ва рухIияб тарбиякьеялде кIвар кьезе ккеялъул ва тIадеги жубана, Совет Союз биххаралдаса ахираб къого-къоло щуго соналъ цохIо дарс кьей гьеб, цогидаб жоялде квер хьвагIун букIиналъул школаздаги, гьелъул хIасил жакъасеб гIел бугинги.

ГIолилазулгун гьабулеб жидер хIалтIул аслияб тематика лъайкьеялдагун спорталда, гурхIел-рахIмуялдагун ватIан бокьиялда ва хъизан цIуниялда хурхараб букIин бихьизабуна жиндирго цевехъиналда Шамил МухIамадовас.



Араб соналъ гьабураб хIалтIул хIасилалъул бицунаго, ЗАГСалъул специалист Марьям Рашидовалъ бицана жидер хIалтIул низамалъулъ ккарал хиса-басиязул. Гьедин, гьаб соналъул байбихьудаса райадминистрациялъул кьаймлъиялда букIараб ЗАГСалъул хIалтIул жавабчилъи кьун буго юстициялъул министерствоялде, итникъоги гIодобкъолъун гьабун, шаматкъо чIезабун буго хIалтIул къолъун.

Исана букIизесеб переписалде хIадурлъиялъул бицун кIалъай гьабуна районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель ГIабдулмажид ГIалиевас. Гьес тIадчIей гьабуна районалъул электроннияб хьвай-хьвагIай (карта) букIине ккеялъул автотранспорт хьвадулебщинаб росулъ, машина хьвадулаарел росазул гьеб кагътида гьабизе букIиналъул. Аслияб суал бугин абуна гьес росабазул къватIазе цIарал ва номерал кьей, гьелдалъун мухIканлъизе бугин щибаб цIа-ракиялда ругезул къадар. ХIалтIи дагьаб хехлъиялда гьабизе ахIана гьес росабазул администрациязул нухмалъулел.

Данделъиялъул ахиралда МухIамад ГIисаевас данделъаразул къокъго бицана Россиялъул Президент Владимир Путиница Федералияб Собраниялде гьабураб хитIабалъул. Бихьизабуна улкаялъул бетIерас аслияб кIвар кьолеб букIин социалияб рахъалде: лъайкьеялде, медицинаялде, демографиялде ва Конституциялда цIиял хиса-басиял гьаризе ккеялде.

**Заур Бадрудинов**

**КIудияб Бергьенлъиялъ-75 сон**

## Рохелгун пашманлъи жубараб байрам




Исана нилъер улкаялъ кIодо гьабизе буго КIудияб ВатIанияб рагъда Бергьенлъи босаралдасан 75 сон тIубай.

9 Май ккола рохалилги пашманлъиялъулги байрам. Нилъее гьеб щвана кIудиял камиялгун.

Тарихалда жаниб нилъер халкъалда рихьана гIемер къварилъаби ва захIмалъаби, амма гIададамазул камиялъул ва шагьаралгун росаби чIунтизариялъул рахъалъ КIудияб ВатIанияб рагъда бащадаб цоги рагъ букIинчIо.

КIудияб Бергьенлъи ккола ракълие гIоло халкъалъул къеркьеялъул кIудияб кIвар бугеб политикияб ишлъун.

КIудияб ВатIанияб рагъ халатбахъана 1418 сордо-къоялъ. Гьелъул квешаб балагь хъатIана СССРалъул щибаб хъизамалда, ва щивав чиясул рекIелъги тункана гьеб. Гьеб вахIшияб рагъда хвана 27 миллионалдаса цIикIкIун чи. ГIемерисел хвана ракъи-къечалъ, бомбабазул ва артиллериялъулабгун гIарадабазул гулбуздаса.

Гьел захIматал соназ гIададамазул гIумру хвасар гьабулаго ва КIудияб Бергьенлъи гIагар гьабулаго солдатаз ва гIадатиял гIадамаз бихьизабуна кIудияб бахIарчилъи.

Россиялъул тIолабго халкъалъ лъабкъоялда анцIила щуго соналъ ракIалде щвезабулеб буго рекIелъ хIинкъи ккезарулел лъугьа-бахьинал. Санайил КIудияб Бергьенлъиялъул байрам нилъеца ракIалде щвезабула ВатIан цIунулаго хварал ва рагъдасан руссарал нилъерго умумузул кIудияб адаб хIурматгун. ЦIакъго хIажат буго, нилъее - гьанжесеб гIелалъе, кIочонтезе биччачIого нилъерго хадусел наслабазухъе кьезе КIудияб ВатIанияб рагъул тарих, бицине гьезда рагъул битIараб тарихалъул, рагъул бахIарзазул ва гьезул бахIарчиял ишазул, халкъалда бихьараб къварилъиялъул, ВатIан бокьиялъул хIакъалъулъ.

Жакъа нилъеда цадахъ гьечIо рагъул цониги гIахьалчи. Ана гьел абадияб рокъоре, амма гьезул бахIарчиял ишал кидаго рукIина нилъер ракIазулъ, нилъеца ва бачIунеб гIелалъ босила гьездаса мисал.

КIудияб Бергьенлъиялъ 75 сон тIубай нилъеца кIодо гьабизе буго рекIелъ кIудияб чIухIигун ва пашманлъиялъул асаргун.

Нилъ чIухIарал ва рохарал руго вахIшиялъулда тIад босараб КIудияб Бергьенлъиялдаса. Гьелъул багьа цIакъго хирияб буго нилъее.

ХIурматиял районцоял! Бокьилаан Бергьенлъиялъ 75 сон тIубаялъул байрам кIодо гьабиялъулъ нужерги гIахьаллъи букIине. КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъарал, кьалул майданалда хутIарал нужерго росуцоязул хIакъалъулъ макъалаби ва суртал редакциялде ритIизе.

Райцентралда ва росабалъ Бергьенлъиялъул къо кIодо гьаби мурадалда районалъул администрациялъ гIуцIун буго гIуцIиялъулаб комитет.

**Глава муниципального района «Цумадинский район»**

## Постановление № 6

**от 27 января 2020 г.**

**О подготовке и проведении праздника Победы -9 Мая**

В целях подготовки мероприятий, посвященных празднованию 75-летия Победы советского народа в Великой Отечественной войне администрация МР «Цумадинский район» **постановляет:**

1.Утвердить оргкомитет по подготовке и проведению праздничных мероприятий 9 Мая 2020 года в с. Агвали.

2.Оргкомитету разработать план мероприятий по подготовке и проведению празднования Дня Победы 9 Мая и представить на утверждение.

3.Рекомендовать главам администраций сельских поселений района провести в сельских поселениях торжественные мероприятия, посвященные празднованию 75-летия Великой Победы.

4.Контроль за исполнением настоящего постановления оставляю за собой.

**Глава муниципального района А. Вечедов**

Юбилей

# Наслабазе мисалияб гIумру

Дагьаб цебе рохалилаб ахIвал-хIалалда кIодо гьабуна Гъоркьгьакквариса Маржанат ГIабдулаевалъул нусго сонилаб юбилей. Гьениб гIахьаллъи гьабуна Маржанатил гIагарлъиялъ, росдал администрациялъ, социалиял ва маданияталъул КДЦялъул хIалтIухъабаз.

ГIемерал хинал рагIаби абуна гьелъул цIаралда росдал администрациялъул бетIер Рашид АхIмадовас, жамгIияй хIаракатчIужу ПасихIат ГIалиевалъ, социалиял хIалтIухъабаз ва гьарана жеги анцI-анцI соназ щулияб сахлъигун талихIаб гIумру.



Рохалие гIурхъи букIинчIо Маржанатилги кодоб тортгун, тIугьдузул квацIигун ва сайгъат-саламгун жиндир байрам кIодо гьабизе рачIараздаса. Гьелъги баркала загьир гьабуна жиндир адаб-хIурмат гьабуралъухъ, къойил гьабулеб тIалабалъухъ.

Гьоболлъухъе рачIаразе гьелъ бицана жиндирго гIумрудул, рагъул соназде ккараб гIолохъанлъиялъул, хасел-рии, квач-цIорой батIа гьабичIого, Чачаназул Шарой районалде-нахъеги бачун, тIалаб гьабулеб букIараб колхозалъул чIегIербоцIул.Ункъоялда анцIго бетIер букIанин жиндир «къайимлъиялдаян» бицана гьелъ, яшав гьабулеб букIанин ганчIил бараб гIухьбузул гьитIинабго хъошниб. Чанги сордоялъ цIа бакун, «рукъ» хин чIезабизе унеб букIанин бащадаб кубометралде гIагарун цIулинги абуна, хасало тIаса камичIого бугодай боцIиян бихъун бащадаб метрадул гIазугун балагьизе вачIунев бригадирасул биччараб ретIел-хьит печалда цеве кIусинавун, тIадго бакъвазабунин чангиян. Риидалил мучIдузде чIегIербоцIи бачIиндал, гьебги гIалахалде къотIун, цин жиндирго хур-саналъул гьабизе, хадуб колхозалъе хIалтIизеги унаан тIубараб къоялъ. Къасиялде боцIи-панз, хъизан-рукъги букIинарищха бачине кколеб. Колхозалъул боцIуда квач-цIороялъул бихьараб гIакъубаги хIисабалде босун, гьей тана Гъоркьгьаккварисдал советалъул мина бацIцIуней гIаданлъун. Дол соназ гъоркьгьаккварисезул советалде унаан ТIадгьаккварисдал ва Гьигьихъ росабаги, ЦIедакь, Гьавукьи, ЦIуйди ва цогидалги росаби-кулаби рикIкIинчIого. Дагьабищха букIинеб хIалтIи уборщицаялъул, мина бацIцIиялде тIадеги росабалъе советалъул хIукмабазул кагъталгун армиялде ахIиялъул кагъталги щвезаризе ккедал. Пенсиялде инегIан ракIбацIцIадго тIубазабуна гьелъ жинда тIадкъараб хIалтIи. Пенсиялде ун хадуйги тIатIала кверал лъунги чIечIо: я жиндирго, я лъималазул хъизаназе кумек ва гIолохъанал ясазе вагIза-насихIатал гьарунги, росдал жамгIияб хIалтIулъ жигараб гIахьалчилъи бихьизабунги.

Гьедин гIакъуба-захIматалда гIумру баччаниги, ракI согIлъичIо магIарулалъул: жиндирго лъабго лъимералде тIаде тIалаб гьабуна, рос-рукъалде кьуна росасулги лъабго лъимал. Жакъа талихIай кIодо Маржанат Аллагьасе рецц-бакъалда йиго лъималазул лъималазулги лъимал цере рачIинегIан БетIергьанас гIумру кьунилан.

-Бечелъи букIинчIо, рухIияб рацIцIалъиги бечедал ракIалги, гурхIел-рахIмуги, хIалае рахъинги букIана. Жакъасеб гIелалъеги бокьун буго гьаризе дунялалъул боцIуда хадур рахъун, ракIал хъарцинлъун рукIинчIого, диниябги дунявиябги цадахъги бачун, ракIал ращалъун, хIажалъи ккаралъуре хIалае тIоцере рахъун, гIадамал разияб хIалалда гIумру гьабун, гIумрудул къисмат кинихун кканиги, гIаданлъи-гIадатлъи чорхолъ бесси ва цIуни,-ян абуна ниж нахъе унаго Маржанатица. Гьари къабулаздаса ятагиян нижецаги гьелъул гьара-рахьиялъе Амин абуна.

Маржанат йиго жиндирго наслабазе гуребги, нилъее киназего мисалияб гIумрудул лъалкI жакъаги нахъе толей магIарулай. Гьей ккола гитлерилаб фашизмалда тIад бергьенлъи босараб, рагъда хадусеб гIумру цIигьабураб, цIи-цIиял хIалтIулал бакIал халкъалъе гIуцIараб гIелалъул, кIиго гIасрудул хиса-басиязул нугIлъун кколей вакил. М. ГIабдулаевалъул захIматаб гIумрудул нух, ВатIаналде рокьи, гьелъул къисматалъулъ гIахьаллъи гьаби-гIемер буго жакъаги гьединаздаса нилъеца мисал босизе жо.

**ПасихIат ГIалиева,** Гъоркьгьаккавари росу

К 75 летию Великой Победы

# Блокадный хлеб

В рамках проведения Всероссийской Акции памяти «Блокадный хлеб» 22 января 2020 г. во дворце спорта ДЮСШ с.



Агвали представители отдела спорта, молодежной политики и туризма района провели мероприятие с молодежью и спортсменами района, посвящённое Году памяти и славы. На мероприятии приняли участие около 80 человек. В своем выступлении начальник Отдела




спорта, молодежной политики и туризма Далгат Абдулбасиров отметил, что «Указом Президента Российской Федерации от 8 июля 2019 №327 в Российской Федерации 2020 год объявлен Годом памяти и славы. Решающую роль в победе над фашистской Германией сыграл Советский народ. Нужно отметить и напомнить сегодня о мужестве жителей Ленинграда, переживших беспрецедентную блокаду миллионного города вражескими захватчиками. В самые тяжёлые времена блокады жители Ленинграда получали паек - кусочек хлеба весом в 125 граммов. Ленинград был изолирован от внешнего мира 900 дней и ночей, единственное зимой по льду Ладожского озера можно было оказать какую-то помощь, её называли «Дорогой жизни». Мы должны укрепить нашу память о тех событиях и быть благодарными за подвиг мирных граждан в годы Великой Отечественной войны» - подытожил он.

Далее к молодежи и спортсменам обратился с речью методист по молодежной политике Шамиль Бадрудинов: «Наш район славится огромным числом знаменитых спортсменов, которые прославили наш район на всю страну и на весь мир. Жители района гордятся Героем Советского Союза Кади Абакаровичем Абакаровым. Мы должны помнить героизм всего Советского народа в борьбе с фашистскими захватчиками. Около 2000 Цумадинцев ушло на фронт из них половина не вернулось. В блокадном Ленинграде тоже умерло много наших земляков. Недавно я побывал на местах боевой славы Ленинграда. Само это место меня очень впечатлило и на миг представил то прошлое. Я считаю каждого жителя этого города героем. Выжить в таких условиях это дорогого стоит. Надо отдать должное защитникам Ленинграда за их подвиг. Спортсмены и молодежь остались довольны мероприятием на тему «Блокадный хлеб». У них остались незабываемые впечатления.

**Шамиль Бадрудинов**

Газпром

«Газпром межрегионгаз Махачкала» напоминает об обязательности заключения потребителями газа договоров ТО ВДГО /ВДКО

В соответствии с законодательством, ответственность за работу газового оборудования несут собственники жилых помещений, которые обязаны заключить договор на техническое обслуживание внутридомового/внутриквартирного газового оборудования и раз в год обеспечить доступ работникам специализированной организации для проведения технического обслуживания.

В соответствии с изменениями в КоАП РФ (внесены Федеральным законом №412-ФЗ от 5 декабря 2016 года) установлены размеры штрафов для физических и юридических лиц за нарушение правил обеспечения безопасного использования и содержания внутридомового и внутриквартирного газового оборудования (ВДГО/ВКГО).

За уклонение от заключения договора ТО ВДГО/ВКГО, отказ в допуске представителя специализированной организации для выполнения работ по техническому обслуживанию и ремонту ВДГО/ВКГО, уклонение от обязательной замены или обязательного диагностирования оборудования в составе ВДГО/ВКГО предусмотрены штрафы:

-для граждан 1-2 тыс. рублей, -для должностных лиц 5-20 тыс. рублей, -для юридических лиц 40-100 тыс. рублей.

Если перечисленные действия привели к аварии или возникновению угрозы жизни и здоровью людей, штраф составит:

-для граждан 10-30 тыс. рублей, -для должностных лиц 50-100 тыс. рублей, -для юридических лиц 100-400 тыс. рублей.

Повторное правонарушение влечет наложение штрафа:

-для граждан 2-5 тыс. рублей, -для должностных лиц 10-40 тыс. рублей или дисквалификацию на 1-3 года, -для юридических лиц 80-200 тыс. рублей или приостановление деятельности на срок до 90 суток.

Отсутствие договора ТО ВДГО у потребителя газа является основанием для приостановления подачи газа. Предусмотрена так же ответственность управляющих компаний, которые от лица собственников должны оформлять договор на техническое обслуживание внутридомового газового оборудования в многоквартирных домах.

Специалисты газовой службы напоминают, заключение договора со специализированной организацией, а также надлежащее его исполнение сохранит жизни и здоровье Вам и Вашим близким.

Контактный телефон: (8722) 68-53-51

**Пресс-служба**
**ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»**

:



**Бюджет**
**администрация сельского поселения**
**«сельсовет Шавинский» на 2020г.**
**и плановый период 2020-2022 годов.**

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2020 | 2021 | 2022 |
|---|---|---|---|---|
| | **2** | **3** | **4** | **5** |
| | **Собсвенные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 62,0 | 62,0 | 62,0 |
| 2 | Налог на имущества | 64,4 | 64,4 | 64,4 |
| 3 | Земельный налог | 3,5 | 3,5 | 3,5 |
| 4 | Сельхоз налог | 6,4 | 6,4 | 6,4 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | | | |
| | Итого собственные доходы | 136,3 | 136,3 | 136,3 |
| | Трансферты | | | |
| 1 | Объем дотаций | 3795,0 | 3118,0 | 3118,0 |
| 2 | Дотация на частич.компенсацию | | | |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | |
| 4 | Субвен. ВУС | 90,0 | 91,0 | 98,0 |
| | Итого | 3885,0 | 3209,0 | 3216,0 |
| | Всего доходов | 4021,3 | 3345,3 | 3352,3 |
| | | | | |
| | Расходы: | | | |
| 1 | Аппарат | 1336,6 | 1321,8 | 1311,4 |
| | в т.ч. зарплата | 706,0 | 706,0 | 706,0 |
| 2 | Проведение выборов | 120,0 | | |
| 3 | Резервный фонд | | | |
| 4 | ЗАГС | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| 5 | ВУС | 90,0 | 91,0 | 98,0 |
| | в т.ч. зарплата | 58,0 | 58,0 | 58,0 |
| 6 | ЖКХ | 1492,3 | 1089,3 | 1099,7 |
| 7 | Молодёжная политика | 25,0 | 25,0 | 25,0 |
| 8 | Культура | 907,4 | 768,2 | 768,2 |
| | в т.ч. зарплата | 530,0 | 486,0 | 486,0 |
| 9 | ФК и спорт | 50,0 | 50,0 | 50,0 |
| | Всего расходов | 4021,3 | 3345,3 | 3352,3 |
| | в т.ч. зарплата | 1294,0 | 1250,0 | 1250,0 |

**Глава сельского поселения «сельсовет Шавинский» Г.Гаджимагомедов**

**Бюджет**
**администрация сельского поселения**
**«село Хушет» на 2020г.**
**и плановый период 2020-2022 годов.**

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2020 | 2021 | 2022 |
|---|---|---|---|---|
| | **2** | **3** | **4** | **5** |
| | **Собсвенные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 20,7 | 20,7 | 20,7 |
| 2 | Налог на имущества | 37,4 | 37,4 | 37,4 |
| 3 | Земельный налог | 46,1 | 46,1 | 46,1 |
| 4 | Сельхоз налог | 0,6 | 0,6 | 0,6 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | | | |
| | Итого собственные доходы | 104,8 | 104,8 | 104,8 |
| | Трансферты | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1582,0 | 1264,0 | 1264,0 |
| 2 | Дотация на частич.компенсацию | | | |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | |
| 4 | Субвен. ВУС | 95,0 | 95,0 | 97,0 |
| | Итого | 1677,0 | 1359,0 | 1361,0 |
| | Всего доходов | 1781,8 | 1463,8 | 1465,8 |
| | | | | |
| | Расходы: | | | |
| 1 | Аппарат | 1186,0 | 941,9 | 941,9 |
| | в т.ч. зарплата | 743,4 | 690,0 | 680,7 |
| 2 | Проведение выборов | 25,0 | | |
| 3 | Резервный фонд | | | |
| 4 | ЗАГС | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| 5 | ВУС | 95,0 | 95,0 | 97,0 |
| | в т.ч. зарплата | 70,0 | 70,0 | 70,0 |
| 6 | ЖКХ | 43,5 | 80,7 | 80,7 |
| 7 | Молодёжная политика | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| 8 | Культура | 397,3 | 311,2 | 311,2 |
| | в т.ч. зарплата | 217,0 | 182,0 | 182,0 |
| 9 | ФК и спорт | 30,0 | 30,0 | 30,0 |
| | Всего расходов | 1781,8 | 1463,8 | 1465,8 |
| | в т.ч. зарплата | 1030,4 | 942,0 | 932,7 |

**Глава сельского поселения «село Хушет» М. Окиев**

**Бюджет**
**администрация сельского поселения**
**«село Агвали» на 2020г.**
**и плановый период 2020-2022 годов.**

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2020 | 2021 | 2022 |
|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собсвенные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 635,0 | 635,0 | 635,0 |
| 2 | Налог на имущества | 113,5 | 113,5 | 113,5 |
| 3 | Земельный налог | 104,3 | 104,3 | 104,3 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,9 | 1,9 | 1,9 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | | | |
| | Итого собственные доходы | **854,7** | **854,7** | **854,7** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 6483,0 | 5206,0 | 5206,0 |
| 2 | Дотация на частич компен. | | | |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | |
| 4 | Субвен. ВУС | | | |
| | **Итого** | **6483,0** | **5206,0** | **5206,0** |
| | **Всего доходов** | **7337,7** | **6060,7** | **6060,7** |
| | | | | |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1489,6** | **1273,0** | **1273,0** |
| | в т.ч. зарплата | 621,2 | 730,8 | 730,8 |
| 2 | **Проведение выборов** | **100,0** | | |
| 3 | **Резервный фонд** | **50,0** | **100,0** | **100,0** |
| 4 | **ЗАГС** | | | |
| 5 | **ВУС** | | | |
| | в т.ч. зарплата | | | |
| 6 | **ЖКХ** | **5648,1** | **4189,8** | **4189,8** |
| 7 | **Молодёжная политика** | | | |
| 8 | **Культура** | | | |
| | в т.ч. зарплата | | | |
| 9 | **ФК и спорт** | **50,0** | | |
| | **Всего расходов** | **7337,7** | **5562,8** | **5562,8** |
| | в т.ч. зарплата | 621,2 | 730,8 | 730,8 |

**Глава сельского поселения «село Агвали» З. Загидов**

**Бюджет**
**администрация сельского поселения**
**«село Метрада» на 2020г.**
**и плановый период 2020-2022 годов.**

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2020 | 2021 | 2022 |
|---|---|---|---|---|
| | **2** | **3** | **4** | **5** |
| | **Собсвенные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 26,4 | 26,4 | 26,4 |
| 2 | Налог на имущества | 40,0 | 40,0 | 40,0 |
| 3 | Земельный налог | 21,2 | 21,2 | 21,2 |
| 4 | Сельхоз налог | 0,3 | 0,3 | 0,3 |
| 5 | Неналоговые доходы | | | |
| | Итого собственные доходы | 87,9 | 87,9 | 87,9 |
| | Трансферты | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1227,0 | 964,0 | 964,0 |
| | | | | |
| 1 | Дотация на частич. компенс. | | | |
| 2 | Субвен. ВУС | 89,0 | 89,0 | 91,0 |
| | Итого | 1316,0 | 1053,0 | 1055,0 |
| | Всего доходов | 1403,9 | 1140,9 | 1142,9 |
| | | | | |
| | Расходы: | | | |
| 1 | Аппарат | 1027,7 | 971,7 | 971,7 |
| | в т.ч. зарплата | 704,0 | 704,0 | 704,0 |
| 1 | Субсидия | | | |
| 2 | Проведения выборов | 15,0 | | |
| 3 | ВУС | 89,0 | 89,0 | 91,0 |
| | в т.ч. зарплата | 67,0 | **67,0** | **67,0** |
| 6 | ЖКХ | 262,2 | 70,2 | 70,2 |
| 7 | Молодёжная политика | | | |
| 8 | Культура | | | |
| | в т.ч. зарплата | | | |
| 9 | ФК и спорт | 10,0 | 10,0 | 10,0 |
| | Всего расходов | 1403,9 | 1140,9 | 1142,9 |
| | в т.ч. зарплата | 771,0 | 771,0 | 771,0 |

**Глава сельского поселения «село Метрада» Г. Газимагомедов**

**Бюджет**
**администрация сельского поселения**
**«сельсовет Кочалинский» на 2020г.**
**и плановый период 2020-2022 годов.**

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2020 | 2021 | 2022 |
|---|---|---|---|---|
| | **2** | **3** | **4** | **5** |
| | **Собсвенные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 176,4 | 176,4 | 176,4 |
| 2 | Налог на имущества | 33,0 | 33,0 | 33,0 |
| 3 | Земельный налог | 40,0 | 40,0 | 40,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,1 | 1,1 | 1,1 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | | | |
| | Итого собственные доходы | 250,5 | 250,5 | 250,5 |
| | Трансферты | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1489,0 | 1156,0 | 1156,0 |
| 2 | Передаваемые полномочия | | | |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | |
| 4 | Субвен. ВУС | 80,0 | 80,0 | 81,0 |
| | Итого | 1569,0 | 1236,0 | 1237,0 |
| | Всего доходов | 1819,5 | 1486,5 | 1487,5 |
| | | | | |
| | Расходы: | | | |
| 1 | Аппарат | 1155,5 | 1087,0 | 1087,0 |
| | в т.ч. зарплата | 856,8 | 819,7 | 819,7 |
| 2 | Проведение выборов | 40,0 | | |
| 3 | Резервный фонд | | | |
| 4 | ЗАГС | | | |
| 5 | ВУС | 80,0 | 80,0 | 81,0 |
| | в т.ч. зарплата | 58,0 | 58,0 | 58,0 |
| 6 | ЖКХ | 524,0 | 319,5 | 319,5 |
| 7 | Молодёжная политика | | | |
| 8 | Культура | | | |
| | в т.ч. зарплата | | | |
| 9 | ФК и спорт | 20,0 | | |
| | Всего расходов | 1819,5 | 1486,5 | 1487,5 |
| | в т.ч. зарплата | 914,8 | 877,7 | 877,7 |

**Глава сельского поселения «сельсовет Кочалинский» М. Алиев**

**Бюджет**
**администрация сельского поселения**
**«село Кеди» на 2020г.**
**и плановый период 2020-2022 годов.**

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2020 | 2021 | 2022 |
|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собсвенные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 15,4 | 15,4 | 15,4 |
| 2 | Налог на имущества | 45,2 | 45,2 | 45,2 |
| 3 | Земельный налог | 60,2 | 60,2 | 60,2 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,9 | 1,9 | 1,9 |
| 5 | Неналоговые доходы | | | |
| | Итого собственные доходы | **122,7** | **122,7** | **122,7** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1431,0 | 1140,0 | 1140,0 |
| | | | | |
| 1 | Дотация на частич. компенс. | | | |
| 2 | Субвен. ВУС | 90,0 | 91,0 | 91,0 |
| | **Итого** | **1521,0** | **1231,0** | **1231,0** |
| | **Всего доходов** | **1643,7** | **1353,7** | **1353,7** |
| | | | | |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1171,5** | **1106,0** | **1106,0** |
| | в т.ч. зарплата | 846,0 | 811,0 | 811,0 |
| 1 | **Субсидия** | | | |
| 2 | **Проведения выборов** | **10,0** | | |
| 3 | **ВУС** | **90,0** | **91,0** | **91,0** |
| | **в т.ч. зарплата** | 67,0 | **67,0** | **67,0** |
| 6 | **ЖКХ** | **262,1** | **51,6** | **51,6** |
| 7 | **Молодёжная политика** | | | |
| 8 | **Культура** | **95,1** | **95,1** | **95,1** |
| | в т.ч. зарплата | 73,0 | 73,0 | 73,0 |
| 9 | **ФК и спорт** | **15,0** | **10,0** | **10,0** |
| | **Всего расходов** | **1643,7** | **1353,7** | **1353,7** |
| | в т.ч. зарплата | 986,0 | 951,0 | 951,0 |

**Глава сельского поселения «село Кеди» Б. Абасов**

Социалияб хъулухъ

# Харабазе гьабулеб социалияб хъулухъ лъикIлъулеб буго

«2020 соналдасан 2014 соналде щвезегIан Россиялъул Федерациялъул миллиял мурадазул ва стратегиял масъалабазул хIакъалъулъ» 2018 соналъул 7 маялда бахъараб Россиялъул Президентасул указалда (№204) рекъон тасдикъ гьабуна «Демография» абураб миллияб проект. Гьелъулъ аслияб бакI ккола «ЧIахIияб гIел» регионалияб проекталъ.

Гьел пректазда рекъон, халкъалъе социалияб хъулухъ гьабиялъул районалъул централъ гIуцIун буго райбольницагун цадахъ харабазе диспансеризациялъулаб халгьаби.

Гьел хъулухъазе республикаялъул захIматалъулги социалияб цебетIеялъулги министерствоялъ районазул социалияб хъулухъ гьабулел центразе кьуна инвалидазул коляскаби жанире рачине лъалел, хас гьарурал машинаби. Нилъер районалъеги бачIана гьединаб машина ва Централъул хIалтIухъан Шамил ГIумаровас бихьизабураб графикалда рекъон, больницаялде-нахъе рачуна хараби. Больницаялдаги гьел, къотIи-къаялда рекъон, иргаялда течIого, цогидаздаса цере къабул гьарула.

Харабаз баркала загьир гьабулеб буго Централъул хIалтIухъабазе, райбольницаялъул тохтурзабазе жидер гьабулеб хъулухъ-тIалабалъухъ.

**Зайнаб ГIабдулмуслимова**

## Отдел МВД

# Осторожно: мошенники

Если вы получили СМС сообщения с текстом «Ваша банковская карта заблокирована. Срочно перезвоните по №....», то ни в коем случае не перезванивайте по указанному в сообщении номеру телефона. Помните, один банк не осуществляет подобные рассылки СМС в т.ч. с указанием номера телефона для связи. Номер контактного центра банка указан на оборотной стороне Вашей банковской карты.

Если вы разместили объявление о продаже имущества на одном из популярных интернет-сайтов бесплатных объявлений и спустя некоторое время Вам позвонит «потенциальный» покупатель, который изъявит желание приобрести продаваемое имущество с предложением внести залог, то ни в коем случае не передавайте ему информацию личного характера (персональные данные номера карт и т.п.) что может быть использовано неизвестным только во вред Вам.

Если вы получили СМС. либо электронное сообщение о том, что Вы выиграли приз (автомобиль, путевку и т.п.) для получения которого необходимо перенести деньги, при этом лично Вы ни в каком розыгрыше либо акции участия не принимали, ни в коем случае не переводите деньги.

Если вы получили СМС или ММС сообщение со ссылкой на скачивание открытки, музыки, картинки или программы, в данном случае вы рискуете загрузить программное обеспечение, содержащее вирусы, способные управлять Вашим мобильным банком дистанционно, т.е. перечислять имеющиеся на банковской карте деньги на счета злоумышленников.

Если на Ваш домашний либо мобильный телефон позвонил неизвестный (либо представился Вашим родственником) сообщил «Ваш сын попал в полицию» или «Мама, бабушка, тетя и т.п. я попал в полицию нужны деньги для благополучного решения вопроса» не паникуйте! Незамедлительно сами свяжитесь со своим родственником, который якобы попал в полицию, лично убедитесь, что с ним все в порядке. Ни в коем случае не выполняйте предлагаемые злоумышленниками требования - перевести деньги через банкомат, платежный терминал либо просто передать деньги посредникам.

Если в любом общественном месте к Вам обратились неизвестные, которые сообщат Вам, что они не местные, и им должны перевести из другого города деньги, для получения которых необходимо открыть счет в ближайшем банке, либо их товар задержан, арестован на таможне, а для его получения необходимы деньги, то ни в коем случае не передавайте свои паспортные данные посторонним лицам. Ваши данные могут быть использованы лишь в преступных целях! Также ни в коем случае не давайте деньги в долг неизвестным, какое бы Вам не было обещано за это вознаграждение.

Если к Вам постучали в дверь и представились сотрудниками водоканала, газо - аварийной службы, которые пришли с целью проверки (замены) счетчиков, либо представившись социальными работниками, не спешите открывать дверь неизвестным лицам, кем бы они не были. Убедитесь в достоверности их личности и должности, потребовав предъявить соответствующее удостоверение, по возможности сфотографируйте его. Если вы открыли дверь постороннему лицу, не отвечайте на просьбу принести стакан воды, не выпускайте из вида человека.

Если вы просматривая передачу, где за определенную плату предлагают дистанционно излечить от всех недомоганий, то ни в коем случае не торопитесь переводить денежные средства на счета, указанные на экранах телевизоров т.к. вероятнее всего Ваше здоровье останется без изменений, а деньги Вам уже никто не вернет. Для лечения различных недомоганий существует множество специализированных медицинских профильных учреждений.

Будьте бдительны! Не дайте Себя обмануть!

### Бюджет администрация сельского поселения «сельсовет Эчединский» на 2020г. и плановый период 2020-2022 годов.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2020 | 2021 | 2022 |
|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собсвенные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 23,2 | 23,2 | 23,2 |
| 2 | Земельный налог | 24,2 | 24,2 | 24,2 |
| 3 | Налог на имущества | 26,6 | 26,6 | 26,6 |
| 4 | Прочие неналоговые доходы 4,2 | | | |
| 5 | Сельхоз налог | 4,8 | 4,8 | 4,8 |
| | **Итого собственные доходы** | **78,8** | **78,8** | **78,8** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1901,0 | 1560,0 | 1560,0 |
| 2 | Дотация на частич. компенс. | | | |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | |
| 4 | Субвен. ВУС | 92,0 | 93,0 | 95,0 |
| | **Итого** | **1993,0** | **1653,0** | **1655,0** |
| | **Всего доходов** | **2071,8** | **1731,8** | **1733,8** |
| | | | | |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1271,7** | **1241,2** | **1241,2** |
| | в т.ч. зарплата | 923,0 | 923,0 | 923,0 |
| 2 | **Проведение выборов** | | | |
| 3 | **Резервный фонд** | | | |
| 4 | **Проведение выборов** | **20,0** | | |
| 5 | **ВУС** | **92,0** | **93,0** | **95,0** |
| | в т.ч. зарплата | 67,0 | 68,0 | 69,0 |
| 6 | **ЖКХ** | **236,2** | **20,0** | **20,0** |
| 7 | **Молодёжная пол. (безоп.)** | | | |
| 8 | **Культура** | **436,9** | **377,6** | **377,6** |
| | в т.ч. зарплата | 288,6 | 290,0 | 290,0 |
| 9 | **ФК и спорт** | **15,0** | | |
| | **Всего расходов** | **2071,8** | **1731,8** | **1733,8** |
| | в т.ч. зарплата | 1278,6 | 1281,0 | 1282,0 |

**Глава сельского поселения «сельсовет Эчединский» А. Курамагомедов**

### Бюджет администрация сельского поселения «сельсовет Гигатлинский» на 2020г. и плановый период 2020-2022 годов.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2020 | 2021 | 2022 |
|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собсвенные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 38,6 | 38,6 | 38,6 |
| 2 | Налог на имущества | 46,6 | 46,6 | 46,6 |
| 3 | Земельный налог | 67,8 | 67,8 | 67,8 |
| 4 | Сельхоз налог | 6,4 | 6,4 | 6,4 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | | | |
| | **Итого собственные доходы** | **159,4** | **159,4** | **159,4** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2546,0 | 2036,0 | 2036,0 |
| 2 | Дотация на частич. компенсацию | | | |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | |
| 4 | Субвен. ВУС | 97,0 | 98,0 | 102,0 |
| | **Итого** | **2643,0** | **2134,0** | **2138,0** |
| | **Всего доходов** | **2802,4** | **2293,4** | **2297,4** |
| | | | | |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1357,2** | **1248,9** | **1233,0** |
| | в т.ч. зарплата | 776,0 | 776,0 | 776,0 |
| 2 | **Проведение выборов** | **217,0** | | |
| 3 | **Резервный фонд** | **0,0** | **0,0** | **0,0** |
| 4 | **ЗАГС** | **0,0** | **0,0** | **0,0** |
| 5 | **ВУС** | **97,0** | **98,0** | **102,0** |
| | в т.ч. зарплата | 67,0 | 67,0 | 67,0 |
| 6 | **ЖКХ** | **798,0** | **580,5** | **596,4** |
| 7 | **Молодёжная политика** | **0,0** | **0,0** | **0,0** |
| 8 | **Культура** | **283,2** | **316,0** | **316,0** |
| | в т.ч. зарплата | 217,0 | 243,0 | 243,0 |
| 9 | **ФК и спорт** | **50,0** | **50,0** | **50,0** |
| | **Всего расходов** | **2802,4** | **2293,4** | **2297,4** |
| | в т.ч. зарплата | 1060,0 | 1086,0 | 1086,0 |

**Глава сельского поселения «сельсовет Гигатлинский» Р. Газимагомедов**

Агъвали гимназиялъул хІалтІухъабазул зигара балеб буго ГІабдусалам ХІажимухІамадовасда вац

**МухІамад**

къадаралде щвеялда бан. Аллагьас иманалда тІовитІун ватаги.

Гьигьалъ росдал школалъул хІалтІухъабаз зигара балеб буго ГІабдусалам ХІажимухІамадовасда ва Шамил ГІисаевасда гьезул вац ва эбелалъул вац

**МухІамад**

хвеялда бан. Аллагьас иманалда тІовитІун ватаги.

## Эркенаб гугари

# Хьул буго жегиги божилъи ритІухъ гьабилин




Дагьал цере къояз Красноярскалда тІобитІана эркенаб гугариялъул рахъалъ санайил тІобитІулеб «Гран-При Иван Ярыгин-2020» халкъазда гьоркьосеб турнир. Дагъистаналъул тІаса бищараб командаяллъул мухъилъ вукІана анцІила щугоялдасаги цІикІкІун гугарухъан нилъер районалъул.

Исанасеб турниралда битІккечІо араб соналъ чемпионалъун рахъарал нилъер районцоял МухІамадрасул Идрисовасе ва Шамил Мусаевасе. Гьаб нухалъ дагъистаниязе щвараб лъабго меседил медалъул кІигояб щвана цІумадисезе.

Турниралъул чемпионаллъун рахъана Къурбан Шираев (65 кг.), ва нилъер районцоял МухІамадрасул ГъазимухІамадовгун (74 кг.) МухІамад Рамазанов (79 кг.).

ГІолохъанав гугарухъан Къурбан Шираевас бергьелъи босана олимпиялъул чемпион осетинав Сослан Рамоновасда тІад, МухІамадрасулил ккола Красноярскиялда щвараб кІиабилеб меседил медаль, МухІамад Рамазановас рецІел босана араб соналъ гьеб турниралда бергьарав АхІмад ХІажимухІамадовасухъа.

Гьединго нилъер районцоял АхІмад Идрисовасе(57 кг.) щвана кІиабилеб бакІ, АбасхІажи МухІамадовасе (61 кг.) ва Шамил Мусаевасе (97 кг.) - лъабабилел бакІал.

РакІчІола ва хьул буго хадубккунги нилъер гІолохъабаз божилъи ритІухъ гьабилин.

**ГІали ШарипхІажиев**

* * *

# ЛъикІал хІасилалгун тІадруссана

24-26 январалда Хасавюрт шагьаралда тІобитІана эркенаб гугариялъул рахъалъ 2000-2003 соназ гьарурал гІолилазда гьоркьоб Дагъистаналъул чемпионат. Лъабнусгоялдасанги цІикІкІун гугарухъан гІахьаллъараб гьеб турниралда нилъер районалъул гугарухъабаз рихьизаруна лъикІал хІасилал- ункъояв вахъана чемпионлъун, лъабгоясе щвана лъабабилел бакІал.

65кг. цІайиялда чемпионлъун вахъана Мирзабег Герейханов (Эчеда), 79кг.- ТІалхІатов Камил (РичІагьанихъ), 86кг.-Каримов Загьид (Гьадири), 125кг.- СаидмухІамад Гьаирбеков (Гьигьалъ). СаидмухІамад ва Камил ккола нилъер районалъул спортивияб школалда куцарал.

Лъабабилеб бакІ ккуна 57 кг. цІайиялда МухІамад Бадрудиновас (Эчеда), 92 кг.-Къадилов ХІажи (Гьигьалъ), 125 кг.- ГІали ТупагІалиевас (ТІинди).

Чемпионаталлъул бищун лъикІав гугарухъанлъун рикІкІарав Камил ТІалхІатов щуябго дандчІваялда ункъо минуталда жаниб, дандиязе цониги балл кьечІого, 52:0 гІаммаб хІасилгун вахъана чемпионлъун.

Баркула гугарухъабазда ва тренеразда бергьенлъаби.

**Шамил Бадрудинов**

БетІерав редактор
Малачдибиров
ГІубайдула СагІадулаевич
2-52-44

Жавабияй секретарь
Залимханова
Хадижат МухІамадовна
2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦІумада район, Кьенгьара росу
Заводалъул къватІ, 4

«ЦІумадисезул гьаракь» газета гІуцІарал:
«ЦІумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета къватІибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.
Адрес: 367018,
МахІачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж -1500
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагІалие)
63302 (лъагІалие)

Макъалабазда рехсарал хІужабазул, тарихазул бальголъи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maiI.ru